Pou Piblikasyon Imedya: 27/08/2026 **GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL**

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE KÒMANSMAN KONSTRIKSYON DEVLOPMAN LOJMAN ABÒDAB KI ORYANTE SOU TRANSPÒ PIBLIK, KI KOUTE 38 MILYON DOLA E KI GEN 53 INITE, NAN KONTE SUFFOLK

Perry & Main nan Vilaj Port Jefferson pral transfòme pwopriyete vid yo avèk apatman modèn a yon blòk Estasyon LIRR la

Sa kontinye gwo angajman Gouvènè a pou konstwi plis kay abòdab

Reprezantasyon grafik la disponib isit la

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te anonse kòmansman konstriksyon Perry & Main, yon devlopman miks 38 milyon dola ki oryante sou transpò piblik, ki pral kreye 53 inite lojman abòdab nan Vilaj Port Jefferson ak Vil Brookhaven, Konte Suffolk. Perry & Main, ki chita nan Perry Street ak Main Street, pral ranplase de pwopriyete vid avèk yon devlopman rezidansyèl ak komèsyal twa etaj pou konplete revitalizasyon yon kwen enpòtan Main Street toupre transpò piblik. Anba lidèchip Gouvènè Hochul, Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) Eta Nouyòk la te kreye oswa prezève prèske 2,800 kay abòdab nan Konte Suffolk. Perry & Main kontinye efò sa a epi li fè pati Plan Lojman senk ane 25 milya dola Gouvènè a, ki sou wout pou kreye oswa prezève 100,000 kay abòdab nan tout eta a.

"Perry & Main montre angajman administrasyon mwen an pou asire plis Nouyòkè jwenn aksè ak bon jan lojman abòdab nan kominote kote yo kapab pwospere," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Lè nou pote devlopman modèn sa a nan yon kwen kle nan sant vilaj la toupre transpò piblik, nou kapab konekte rezidan bilding lan ak opòtinite, sipòte biznis lokal yo ak mendèv la epi kontinye revitalizasyon Port Jefferson. Perry & Main se yon egzanp kote kwasans ak pri abòdab travay ansanm pou kreye kay ki estab ak kominote solid moun yo merite."

Nouvo devlopman pou moun ki gen divès nivo revni an pral gen 33 apatman yon chanmakouche ak 20 apatman de chanmakouche ki abòdab pou fwaye ki touche jiska 80 pousan Revni Mwayen Zòn nan, ansanm ak prèske 2,300 pye kare espas komèsyal.

Yo pral rezève senk inite pou rezidan ki gen andikap devlopmantal, avèk sèvis sipò sou plas ACDS ap bay, tankou edikasyon ak fòmasyon sou dwa ak responsablite lokatè yo, ansanm ak finansman fonksyònman Biwo pou Moun ki Gen Andikap Devlopmantal

(Office for People With Developmental Disabilities, OPWDD) nan Eta Nouyòk la ap bay. Yo pral bay veteran yo preferans pou yon lòt senk inite. Pwojè a pral gen ladan tou sis inite pou akomode rezidan ki gen andikap mobilite ak de inite pou akomode rezidan ki gen andikap sansoryèl.

Perry & Main, ki nan yon distans ki pa lwen estasyon Port Jefferson Long Island Rail Road (LIRR) la, pral bay rezidan li yo aksè ak opòtinite travay toupatou nan Long Island ak Vil Nouyòk. Devlopman an pral fè priyorite ki nan Plan Renouvèlman Iben Port Jefferson lan ak Mizajou Plan Konplè 2030 la avanse, pandan l ap kontribye tou nan objektif Eta a pou kreye opòtinite pou mendèv la.

Ekipman ki disponib pou rezidan yo pral gen ladan yon sal egzèsis fizik, yon espas deyò ak yon sal kominotè ki bay sou orizon vil la.

Karakteristik dirabilite bilding ki sèvi ak elektrisite sèlman an gen ladan aparèy Energy Star nan chak inite, ekleraj Energy Star, ponp a chalè ki itilize lè kòm sous pou chofaj ak refwadisman ki efikas anpil, ak vantilatè rekiperasyon enèji semi-santral pou bay lè fre anndan avèk efikasite enèjetik.

Conifer Realty, LLC pral sèvi kòm pwomotè Perry & Main. Community Development Long Island pral sèvi kòm esponnsò san bi likratif ak manm ki pral ko-jere pwojè a, l ap bay sipò pou devlopman, apwobasyon lokal, maketing ak jesyon.

Finansman an gen ladan yon melanj sous piblik ak prive, tankou Kredi Enpo Federal ak Eta pou Lojman Moun ki gen Revni Fèb ki soti nan HCR, ki prevwa jenere plis pase 18 milyon dola nan kapital. Pwojè a resevwa tou prèske 7 milyon dola sibvansyon nan men HCR. Empire State Development ap sipòte pwojè a avèk 3 milyon dola atravè Fon Envestisman Long Island (Long Island Investment Fund) la, sou rekòmandasyon Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Long Island (Long Island Regional Economic Development Council, LIREDC) lan, ansanm ak 2 milyon dola atravè Inisyativ pou Restore Kominote Nouyòk (Restore New York Communities Initiative) yo te bay Vilaj Port Jefferson pou ede revitalize pwopriyete rezidansyèl ak komèsyal ki pa itilize ase.

Senatè Charles Schumer te deklare, "Mwen fyè lefètke Kredi Enpo Federal pou Lojman Moun ki gen Revni Fèb la, mwen te travay pou pwoteje ak elaji, te jenere 15 milyon dola pou ede konstwi 53 nouvo kay abòdab ki oryante sou transpò piblik nan Konte Suffolk. Perry & Main pral gen apatman avèk sèvis ki bay sipò yo rezève pou veteran ak moun ki gen andikap. Mwen felisite Gouvènè Hochul pou kreye epi prezève lojman abòdab nan tout eta a, epi m ap kontinye goumen pou m jwenn resous federal ki nesesè pou sipòte efò sa yo."

Senatè Kirsten Gillibrand te deklare, "Yon kote ki an sekirite ak aksesib pou viv ta dwe yon dwa, men pa yon privilèj, pou tout Nouyòkè. Envestisman 38 milyon dola sa a pral ede revitalize yon katye enpòtan toupre Estasyon LIRR Port Jefferson lan pandan l ap konbat ogmantasyon depans yo nan tout Long Island. Mwen fyè dèske mwen wè plis pase 15 milyon dola nan Kredi Enpo pou Lojman Moun ki gen Revni Fèb ale nan pwojè

sa a, epi m ap kontinye goumen pou resous pou kreye lojman abòdab avèk sèvis sipò eta nou an bezwen an."

Komisè Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote Eta Nouyòk, RuthAnne Visnauskas, te deklare "Pwojè 38 milyon dola sa a, avèk 53 apatman abòdab ki fèt yon fason enklizif toupre transpò piblik, reprezante anpil nouvo opòtinite pou rezidan devlopman an — ak pwogrè konkrè nan direksyon objektif anbisye Gouvènè Hochul pou lojman abòdab yo. Nou rekonesan anvè patnè nou yo nan devlopman ak gouvènman lokal dèske yo te gide Perry & Main pou li rive nan nouvo etap enpòtan sa a."

Komisè Biwo pou Moun ki gen Andikap Devlopmantal nan Eta Nouyòk la, Willow Baer, te deklare, "Rèv pou gen pwòp espas pa w pou rele lakay ou ta dwe posib pou tout Nouyòkè, sa gen ladan moun ki gen andikap devlopmantal yo. Ajennda lojman Gouvènè Hochul la ap ede fè rèv sa a tounen reyalite nan tout eta a atravè pwopriyete yo transfòme ki gen ekipman konkrè, tankou pwoksimite ak transpò piblik, ki sipòte entegrasyon nan kominote a ak travay. OPWDD rekonesan pou opsyon lojman avèk sèvis sipò sa yo ak pou planifikasyon rezidansyèl ki enklizif epi ki reprezante divèsite kominote nou yo."

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Hope Knight, te deklare, "Angajman Gouvènè Hochul pou ogmante kantite lojman an ap ede kominote toupatou nan Nouyòk transfòme pwopriyete ki pa itilize ase an kote moun kapab viv, travay ak pwospere. Perry & Main pral pote nouvo kay abòdab nan kè Port Jefferson, konekte rezidan devlopman an ak travay ak opòtinite atravè transpò piblik ki toupre a, epi ranfòse yon koridò komèsyal enpòtan pandan plizyè ane k ap vini yo."

Prezidan Konsèy ESD a, Kevin Law, te deklare, "Atravè Fon Envestisman Long Island lan ak Restore New York, Empire State Development ap bay sipò esansyèl pou fè Perry & Main ak revitalizasyon Port Jefferson k ap kontinye a avanse. Devlopman miks sa a pral ranplase pwopriyete ki vid depi lontan yo avèk nouvo aktivite rezidansyèl ak komèsyal, sa ki pral kreye yon valè dirab pou vilaj la ak gran rejyon Long Island lan."

Linda Armyn ak Doktè Kimberly R. Cline, ki se Ko-Prezidan LIREDC, te deklare, "Avni Long Island depann de kreyasyon kominote kote moun nan chak etap lavi yo kapab jwenn yon kote pou rele lakay yo epi rete konekte ak moun, sèvis ak opòtinite ki bò kote yo. Avèk kay pou veteran ak rezidan ki gen andikap entelektyèl oswa devlopmantal ansanm ak nouvo espas komèsyal, Perry & Main reflete kwasans enklizif ki santre sou kominote a nou vle wè nan tout rejyon an."

Manm Lasanble Rebecca Kassay te deklare, "Mwen kontan ede akeyi devlopman lojman abòdab sa a ki oryante sou transpò piblik, avèk 53 inite, nan zòn anwo Port Jefferson. Nan mitan yon kriz akoz pri yo ki twò wo, opsyon lojman abòdab yo esansyèl pou rann lavi nan Long Island posib, sitou pou jèn pwofesyonèl, fanmi k ap travay ak granmoun aje nou yo. Enklizyon inite ki gen karakteristik pou rezidan ki gen pwoblèm pou tande ak wè yo enpòtan pou asire gen opsyon lojman avèk sèvis sipò pou vwazen

nou yo ki gen bezwen diferan. Devlopman miks sa a pral ranplase bilding delabre ak vid ki sou pwopriyete sa a kounye a, epi konsa li pral kreye yon opsyon lojman ki an sekirite ak fyab pou moun viv ak travay nan kominote nou an, oswa pou yo itilize transpò piblik ki toupre a pou fè ale vini. Mwen felisite Conifer Realty ak Community Development Long Island poutèt yo devlope plan miks sa a ki gen espas komèsyal ak lojman pou mendèv la pou ede ranfòse distri nou an. Byenvini nan katye a!"

Majistra Port Jefferson, Lauren Sheprow, te deklare, "Vilaj Sid nan Port Jefferson lan ap sibi yon transfòmasyon remakab, epi pwojè Conifer yo ap trase chemen an nan pati ki pi nan sid Vilaj nou an. Perry & Main pral ranplase pwopriyete delabre ki vid depi lontan yo avèk bon jan lojman, nouvo espas komèsyal ak yon pòt antre ki pi akeyan nan Vilaj nou renmen an. Pozisyon li toupre estasyon LIRR la ranfòse koneksyon ant lojman, transpò ak sant vil nou an, pandan l ap pote nouvo lavi ak opòtinite nan zòn enpòtan sa a. Nou rekonesan anvè Gouvènè Hochul, Eta Nouyòk ak tout patnè nou yo dèske yo envesti nan revitalizasyon Port Jefferson k ap kontinye a."

Sipèvizè Vil Brookhaven, Daniel Panico, te deklare, "Majistra Lauren Sheprow ak Konsèy Vilaj Port Jefferson lan te travay di anpil pou revitalize Upper Port la. Majistra Sheprow gen detèminasyon epi li dilijan anpil, e mwen konnen nouvo pwojè redevlopman sa a pral ede amelyore antre bèl Vilaj Port Jefferson lan."

Vis Prezidan Prensipal Conifer Realty pou Devlopman nan Nouyòk, Lisa Kaseman, te deklare, "Perry & Main se yon kalite devlopman Long Island bezwen plis — li transfòme bilding vid ki pa itilize ase an espas rezidansyèl ak komèsyal k ap pwospere. Vilaj Port Jefferson se yon patnè ekstraòdinè depi premye jou a. Apatman Port Jefferson Crossing nou yo ki deja nan vilaj la gen yon lis datant ki gen plis pase 800 fanmi, sa ki montre bezwen esansyèl pou kay abòdab nan kominote sa a. Chak nan aplikasyon sa yo reprezante yon moun oswa yon fanmi ki vle viv nan Port Jefferson epi ki pa kapab jwenn yon kay li kapab peye — jèn ki grandi isit la, granmoun aje ki pa vle ale. Perry & Main pa pral rezoud pwoblèm sa a poukont li, men 53 fanmi pral gen yon kay grasa efò kolektif patnè eta ak lokal nou yo."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Devlopman Kominotè Long Island, Gwen O'Shea, te deklare, "Nan CDLI, nou kwè kote ki bay tout moun plis estabilite pase nenpòt lòt kote se lakay yo. Perry & Main rann vizyon sa a vivan lè li mete ansanm lojman familyal, lojman pou mendèv ak lojman avèk sèvis sipò nan kominote Port Jefferson kote moun ka deplase a pye fasil epi ki oryante sou transpò piblik. Kominote solid yo se kote moun ki gen diferan revni, laj, orijin ak kapasite tout gen lojman ki estab, epi nou fyè anpil kominote sa a ap fè sa tounen reyalite."

Ajennda Lojman Gouvènè Hochul la
Gouvènè Hochul angaje l pou l abòde kriz lojman Nouyòk la epi fè eta a vin pi abòdab ak vivab pou tout Nouyòkè yo. Depi Ane Fiskal 2023 a, Gouvènè a te travay pou ogmante kantite lojman pou rann lojman pi abòdab, lè li lanse yon Plan Lojman konplè senk ane ki vo 25 milya dola, adopte lejislasyon lojman ki pi enpòtan nan kèk deseni epi mete an aplikasyon nouvo pwoteksyon pou lokatè ak pwopriyetè kay. Anba lidèchip

Gouvènè Hochul, HCR te kreye nouvo pwogram ki te lanse devlopman kay abòdab ak kay pou moun ki gen revni miks — pou alafwa lokatè ak pou moun k ap achte kay yo. Sa yo enkli Pwogram Kominote an Favè Lojman (Pro-Housing Community Program) an, ki pèmèt lokalite sètifye yo jwenn aksè eksklizif ak jiska 750 milyon dola nan finansman diskresyonè Eta a. Plis pase 450 kominote nan tout eta a sètifye kòm Kominote an Favè Lojman (Pro-Housing), tankou Vilaj Port Jefferson ak Ti Vil Brookhaven.

Nan kad Bidjè Ane Fiskal 2027 la, Gouvènè Hochul te garanti plizyè refòm istorik nan Lwa Eta Nouyòk sou Revizyon Kalite Anviwònmantal (New York State Environmental Quality Review Act, SEQRA) la pou akselere devlopman lojman ak enfrastrikti epi diminye depans yo nan kad ajennda "Kite yo Konstwi" li a. "Kite yo Konstwi" gen ladan tou aksyon egzekitif pou akselere kategori pwojè esansyèl yo te toujou detèmine ki pa gen gwo enpak sou anviwònman an, men pandan twò lontan yo te bloke nan biwokrasi epi sibi reta ki long.

Bidjè Egzekitif Ane Fiskal 2027 la, konplete Plan Lojman senk ane aktyèl Gouvènè a pou kreye oswa konsève 100,000 kay abòdab atravè tout Eta a, enkli 10,000 kay ki gen sèvis sipò pou popilasyon vilnerab, ansanm ak elektrifikasyon yon lòt 50,000 kay. Yo te kreye oswa konsève plis pase 87,000 lojman abòdab jiska dat. Bidjè Egzekitif la envesti tou 250 milyon dola nan finansman kapital pou akselere konstriksyon plizyè milye nouvo kay abòdab.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

ANILE ENSKRIPSYON OU
Pou dezabòne nan gwoup sa a epi sispann resevwa imèl ki soti ladan, voye yon imèl bay press.release+unsubscribe@exec.ny.gov.